Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEZYÈM BRANCH NOUVO PON GOVERNOR MARIO M. CUOMO A PREPARE POU OUVRI SAMDI 8 SEPTANM

Trafik Lès la Dwe Dirije nan Nouvo Branch Pon an Nan yon Operasyon Lannwit K ap Fèt Vandredi

Gouvènè a Anonse Sèvis Bis Modèn k ap Fè Sèvis Ant Rockland ak Westchester pou Kòmanse 29 Oktòb

Konkou pou Atis Eta New York Fòme Komisyon pou De Eskilti pou Nouvo Pon an - Atis Pral Gen Aksè ak Rès Metal Pon Retrete Tappan Zee

Premye Nouvo Pasaj Pon Chemen Kab Atravè Rivyè Hudson

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dezyèm Branch pon Governor Mario M. Cuomo pral ouvri samdi 8 septanm 2018 sa a, si tan pèmèt sa. Yo pral dirije kat vwa trafik k ap sot nan lès nan direksyon 5 kilomèt pon kap nan yon operasyon lannwit k ap kòmanse vandredi. Gouvènè a te anonse tou ke Hudson Link, nouvo sèvis transpò bis amelyore a ant konte Rockland ak Westchester, pral kòmanse 29 Oktòb ansanm ak koridò I-287 ak Pon Governor Mario M. Cuomo a.

“Pon Governor Mario M. Cuomo a enkòpore grandè New York epi montre mond lan ke nou kapab reve gran epi bay rezilta pou moun eta sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Estrikti de branch anblematik modèn sa a pral amelyore sikilasyon an, sipòte ekonomi rejyon an, epi li fè pati plan enfrastrikti agresif 100 milya dola pou sipòte kwasans pou jenerasyon yo”.

“Nouvo pon Governor Mario M. Cuomo se yon testaman pou istwa renome mondyal New York nan kad pwojè anbisye”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nouvo pon an ap ede diminye sikilasyon epi rann transpò pi fasil pou moun New York yo. Pwojè a pral kontinye estimile ekonomi zòn nan epi se yon gwo pa an avan pou envantè pwojè estrikti avanse eta nou an”.

Depi ane pase lè yo te transfere tout sikilasyon sou Thruway Eta New York (I-87/I-287) lan soti sou Pon Tappan Zee a pou ale sou nouvo branch lwès pon an, Tappan Zee Constructors (TZC) ki se konstwiktè baze sou konsepsyon yo t ap demantle ansyen pon an pandan ke y ap konstwi branch nan direksyon lès lan.

Gouvènè Cuomo te vizite branch lès la aprèmidi a ansanm avèk Direktè Egzekitif Aktyèl Otorite Thruway Matthew J. Driscoll ak Direktris Pwojè New NY Bridge Jamey Barbas. Yo te mete Gouvènè a ajou sou touch finisyon ki fèt nan nouvo branch lan ak demontaj k ap kontinye fèt ak Pon Tappan Zee a.

Yon fwa dezyèm branch lan ouvri, chofè k ap soti nan lès yo pral genyen aksè ak kat vwa sikilasyon jeneral ak sòti ijans. Yon vwa ki la espesyalman pou bis pral ouvri nan prentan an pou sikilasyon nan branch lès la. Pwojè ki konplètman fini an pral gen ladann zepòl ak vwa ki dedye ak bis nan chak direksyon, ak yon vwa ki pou bekàn ak pou moun mache. Nou ka wè nouvo entèpretasyon wout la la a.

Sèvis Hudson Link

Apati 29 Oktòb, sèvis amelyore pral pote pasaje nan estasyon tren Metro-North ni nan Tarrytown ak White Plains, ni nan Konte Westchester. Hudson Link pral prezante 19 nouvo abri bis ki genyen espas pou machin pou peye tikè pou akselere sèvis ak nouvo amelyorasyon pou sekirite pyeton - travès pyeton, sinyal ak ranp - nan 13 entèseksyon. Ven entèseksyon pral resevwa amelyorasyon eleman Sistèm Transpò Entèlijan, tankou limyè sikilasyon.

Sèvis la genyen sèvis teknoloji jesyon modèn sikilasyon k ap itilize enfòmasyon an tan reyèl pou ede fasilite deblokaj. Teknoloji Jesyon Koridò Entegre a genyen ladann kaptè k ap pran enfòmasyon sou sikilasyon epi asiste nan transfè epi bay bis yo priyorite vwayaj nan kèk entèseksyon ki genyen limyè sikilasyon. Teknoloji sa a pèmèt nouvo sèvis sikilasyon an youn nan pi avanse nan nasyon an.

Huson Link pral genyen ladann nouvo bis 45 pye ke Prevost nan Plattsburgh fabrike nan Konte Clinton. Amenajman pasaje nan bis yo pral genyen ladann sèvis rezo san fil, estasyon USB pou chaje US ak pòt bisiklèt. Bis yo pral ekipe ak pano LED pou bay pasaje yo enfòmasyon an tan reyèl sou vwayaj la.

Nouvo Wout Bis

Depatman Transpò Eta a te mennen yon kanpay sansibilizasyon pwolonje pou enfòme sou plan yo ak nouvo sèvis bis la. Sèvis eksprès bis la soti nan Konte Rockland pral genyen ladann wout nan ni Tarrytown ak Estasyon Nò White Plains Metro nan Konte Westchester.

Nouvo sèvis tranzit la pral genyen ladannn ka wout ak nouvo epi arè bis amelyore, k ap bay souvan koneksyon ki pratik ant sant travay, rezidansyèl, medikal ak pou amizman yo. Wout sa yo genyen:

1. Suffern, Konte Rockland, pou Palisades Center, Konte Rockland;
2. Monsey, Konte Rockland, White Plains, Konte Westchester;
3. Palisades Center pou White Plains; ak
4. Palisades Center pou Tarrytown.

Y ap kontinye devlope destinasyon ak orè yo. Nouvo sèvis la pral ofri plizyè opsyon peman ki gen ladann kach, kat kredi/debi, tikè, ak yon nouvo aplikasyon mobil. Nouvo sèvis la pral amelyore konektivite tou, sa ki pral rann transfè nan lòt sèvis bis yo pi entegre ke posib. Pi fò sèvis bis yo pral lokalize a kote yon oswa nan yon Bee-Line oswa arè Transpò Rockland.

Konkou Estrikti Pou Pon Governor Mario M. Cuomo

Gouvènè Cuomo te anonse tou yon konkou k ap fèt pou kreye komisyon de eskilti anblematik atis New York pou Pon Governor Mario M. Cuomo. Rès metal ki sovgade nan Pon retrete Tappan Zee pral disponib pou de atis ki genyen yo pou enkòpore nan estrikti yo.

Y ap chwazi atis yo gras ak yon panèl plizyè etap pou egzamine pwosesis la ke ArtsWestchester ak Arts Council Rockland pral administre. Y ap mete eskilti yo nan tè espesyal ke Otorite Thruway Eta New York posede nan Tarrytown (Konte Westchester) ak South Nyack (Konte Rockland) kote pon an ki konsakre ak bisiklèt epi kote pou moun mache an 2019.

Yo gen pou bay plis detay sou konkou a nan yon dat ki gen pou vini.

Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare, “Konpetisyon sou atizay piblik bay yon opòtinite iniki pou atis Eta New York yo, ke se pou onore bote natirèl Hudson Valley, eritaj rich oswa teknik remakab nouvo pon an. Otorite Thruway kontan pou rann espas la disponib nan aterisaj Rockland ak Westchester pon Governor Mario M. Cuomo pou travay atistik ki gen pou fèt pou pibliye epi montre kreyativite yo”.

Jamey Barbas, ki se Direktris Pwojè New NY Bridge lan, te deklare, “Nou angaje pou amelyore kalite lavi pou rezidan lokal ak kominote yo, epi atizay santral nan sa. Don sa a pral amelyore espas piblik Pon Governor Mario M. Cuomo epi nou kontan anpil ke nou kapab bay sipò ak yon inisyativ louwab konsa”.

Direktris Egzekitif Jeneral ArtsWestchester Janet T. Langsam te deklare, “Atizay piblik, tankou pon an, se yon bagay eksitan, angajan ak enspiran. Li ede kreye sans koneksyon espesyal ak kote a. Lefèt ke Gouvènè Cuomo, Otorite Thruway ak Tappan Zee Constructorrs te deside enkòpore travay atis orijinal yo nan ouvèti nouvo pon an vrèman ekstrawòdinè”.

Pon Governor Mario M. Cuomo a se premye pon ki sispandi ak kab ki pase sou Rivyè Hudson lan. Pon an gen ladan uit tou ki mezire 419 pye nan wotè ki kanpe nan yon ang senk degre, epi li gen yon total 192 kab sispansyon ki ka pakouri rive 23 kilomèt si yo ta kole yo bout pa bout. Yon pon sispandi a kab itilize kab an asye yo ranje nan yon ang pou konekte tabliye pon an ak tour vètikal ki etann byen wo sou wout la yo.

Yo te itilize plis pase 220 milyon liv asye san pou san Ameriken nan konstwiksyon pon an. Anviwon 7,000 ouvriye te kontribye jiska jodia epi 11.5 milyon èdtan travay te konsakre nan pwojè sa a.

Elabore pou dire 100 an san okenn nesesite pou fè mentnans majè, Pon Governor Mario M. Cuomo a se yonn nan pi gwo pwojè pon ki aktif yo nan nasyon an epi li se pon ki pi laj nan istwa Otorite Thruway Eta New York. Pwojè a yo rekonèt li atravè nasyon an, enkli pa ansyen Prezidan Barack Obama, ki te mete li nan tèt lis pwojè priyorite enfrastrikti enpòtan li yo.

Ou kapab jwenn enfòmasyon ajou sou konstriksyon Pon Governor Mario M. Cuomo a nan www.newnybridge.com oswa sou Twitter lè ou suiv @NewNYBridge.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU